# МИЛЛИЙ ДӘСТАНЛАРЫМЫЗДА БИЙПЕРЗЕНТЛИК МОТИВЛЕРИ

**Исаков Руслан Узақбаевич** – *оқытыўшы*
*филология илимлери бойынша философия докторы (PhD)*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдения́т институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** жыраў, дәстан, мотив, образ, бийперзентлик, сюжет, дәстүр, эволюция.
**Ключевые слова**: жирау, эпос, мотив, образ, бездетность, сюжет, традиция, эволюция.
**Key words:** zhyrau, epic, motif, image, childlessness, plot, tradition, evolution.

Ҳәр бир халықтың миллий дөретпелериниң өзгешеликлерин үйрениў мәселеси жәмийетлик ҳәм мәдений турмысындағы миллий сыпатларды анықлаўға тийкарғы жәрдемши объект бола алады. Солардың бири халық дәстанларынан орын алған мотивлик ҳәм сюжетлик қурамындағы бийперзентлик мотивлери болып табылады.

Миллий қаҳарманлық дәстанларымызда бийперзентлик мотивлери бойынша эпикалық мағлыўматлар оғада басым орын ийелейди. Соның менен бирге, ол айырым басқа миллий эпикалық дөретпелериниң ерте ўақытлардан қәлиплесип киятырған фольклорлық дөретпелеринде де жийи ушырасады ҳәм хәр бири өзине ылайық өзгешеликлерге ийе сюжетлер қатарынан орын алады. Бул теманы қарақалпақ халық дәстанларының мысалында үйрениў барысында миллий дөретпелерден орын алған перзентсизлик темасын тарийхый мәдений көзқарастан салыстырып үйрениў әҳмийетли. Тек усындай жоллар менен қарақалпақ халық дәстанларының өзлерине ылайық сюжетлик қатламларын анықлаўға жол ашып алыўымыз мүмкин.

Қаҳарманлық дәстанларындағы перзентсизлик мотивиниң тийкарғы белгилериниң бири қартайған, күшлери қалмаған, дүньядан өткен ўақытларында оларды азалап мәңгилик сапарға атландыратуғын, мал дүньясына ийелик ететуғын, ислерин даўамлаўшы перзентке зәриў ақсақал урыў басшылар турады. «Алпамыс» дәстанының Өгиз жыраў вариантынан бир мысал алып қарайық; «Байбөри, Байсары деген еки теңлес бай болып, булар дүньяға келди. Мереке сейил, ат шабысты қыздырып, екеўи қушақласып дос болды. Екеўиниң алдына түскендей Байсында адам болмады, дүньяның қызығы менен екеўи бийперзент өтип баратыр еди…»[1, 5-б.]. Бундай мазмун қарақалпақ вариантларының көпшилигине тән болыўы менен бир қатарда қазақша версияларында Байбөри 80 жасар ғарры болып тәрийпленеди. Бул мотив «Алпомиш» дәстанында урыў басшылары Байбөри ҳәм Байсары екеўи туўысқан, бир атаның перзентлери; «Байбөри менен Байсары – екеўи үлкейди. Байсары бай еди, Байбөри шай (шақ еди) еди, бул екеўиде перзентсиз болды»[2,5-б.] делинген. Биз усы үш версиялардың өзгешеликлерине дыққат аўдара отырып олардың орайында бир дәректиң сәўлеленгенлигин көремиз. Буннан басқа «Қоблан» дәстанының версияларында да «сақалы буўрыл» болған ямаса жасы сексенге келген аталардың шерли толғанысларын көремиз: мәселен «Қоблан» дәстанында Қыдырбай ғарры:
Жасы алпысқа келгенде

Ата деп атын айтқандай
Бир перзентке зар болды…
Жылап ас суў бергендей
Ясийин қурап оқытып
Халқыма дуўа еткендей
Бир нышан бизде болмады [3, 401-б.]-
деп зарланады.

Усындай мотив «Қобланды батыр» дәстанында да қайталанады. Онда Тоқтарбайдың байлығы ҳаққында сөз болып,

Әлип таңба қыпшақтын,
Атағы озған алаштан.
Сексенге жасы келгенше
Бир бала көрмей Тоқтарбай
Қайғы менен қан жутып,
Ақылынан адасқан [4, 21-б.]- деген
қатарлар менен иренишли тәрийпленеди. Бул орында дәстанлардағы уқсаслықлар мотивациялық өзгешеликлерге ийе

болғаны менен олардың тийкарғы мазмуны сақланған. Перзентсизлик темасының әйемги дәреклерин еслететуғын турақлы эпизодлардан ибарат.

Бул тема қахарманлық дәстан ушын ҳәм басқа жанрлардағы дәстанлар ушын да характерли. Алып қарайық, «Шарьяр» дәстанында Дарапшаға мынындай халықлық сыпатлама берилген:

… Тахты қурсын нетейин, тахсызақ кетейин, улсыз-қызсыз бенденің жыйғаны талаў дер еди, кейин ойран дер еди, ели-халқымнан, тажы тахтымнан кешейин, башыма ғула кийейин, қолыма ҳаса алайын, ҳаққа тәуекел қылайын, ҳәзирети Байтуллыға ҳажы таўны етейин, Яратқан қәдир алладан бир перзент нийет етейин [5, 225-б.] деген ойлар менен жолға атланады. Жумабай жыраў вариантындағы бир өзгешелик патша Зәрипшениң (Дарапшаның) жасы тилге алынбайды.

Дәстанның Өтенияз жыраў вариантында Шаҳидарап «Жасы қырық беске барды, тоққыз ҳаял алды, я улдан, я қыздан перзент нышан көре билмеди» [6, 135-б.] - деп берилген.

Ал, Қуламет жыраў вариантында:

Әдалат тахтына минди
Патшалық дәўранын сүрди
Тоғыз зайып алды
Алтмыш үш жасына келди
Сақалы аппақ қуўрады
Бирақ хеш перзент болмады» [7, 135-б.]

- деп келтирилген. Көзге көринип турғанында перзентсиз аталардың жасын анықлаў дәстанды атқарыўшылардың бийлигинде екенлиги дыққатқа алыныўы керек. Солай болсада эпикалық дөретпелердиң басым бөлегинде халдан тайған, жасы жеткен ата-аналар ҳаққында сөз етиледи. Бирақ миллий дәстанларымызда қартайған аталардың нийетлрин бәржай келтиретуғын иләҳий күшлердиң образларының ўақыт өтиўи менен өзгерислерге ушырағанлығын сезиниўимиз мүмкин. Усындай перзентсизлик мотивлери «Гөруғлы», «Ҳүрлиҳа-Ҳәмира», «Шийрин-шекер», «Бозуғлан», «Жаҳанша», «Зийнеп-Алтынгул» дәстанларынанда орын алған. Перзентсизлик мотиви дәстанға баслама сыпатында көриниўи олардың қандайда бир дәреклерге тийкарланғанлығынан дәрек береди. Бундай баслама тек қарақалпақ дәстанларында ғана емес ал басқада халықлардың эпикалық дөретпелеринен орын алған.

Мысалы, қазақлардың «Шора батыр», « Ер-Сайым», өзбеклердиң «Шийрин-Шекер», «Ҳәмира», «Сейпул-Мелик», қырғызлардың «Манас» дәстанларында да аталардың перзентсиз екенлиги ўақыяны баслаўшы сюжет болып есапланады. Бул мотив туўралы гүрриңлер әййемги Египет аўызеки дөретпелеринде де сақланған [8, 41-б.] . Итибар берип қарасақ перзентсизлик мотиви әийемги дәуир дәстанларынанда орын алған екен ҳәм турмыс ҳақыйқатлығының тәсийрине байланыслы дөреген болыўы керек. Мәселен, бийперзент патшалар Ҳиндлердиң «Маҳабхаратта» ҳәм «Рамаяна» эпосларында да сәўлеленген. Бул эпослар жүдә әийемги эпослық дөретпелер болып, пайда болған дәўирлери 2 ярым мың жылдан алдыңғы ўақыяларды өз ишине алады. Бунда да қартайған аталар перзентсизликтен азап шегип жоқарғы күшлерден өзлерине бала тилейди. «Рамаяна» эпосында патша Дашаратқа перзентсиз болады. Ол перзент ада ет маған деп ғайры күшлерге жалбарынады» [9, 24-б.].

Оған жоқарғы күшлер өзлери адам сымбатына айланып, Дашаратқаның төрт улы туўылыўы мүмкин екенлигин мәсләҳәтлеседи [10, 19-б]. Перзентсизликтиң сөз етилиўиндеги жоқарғы күшлерге сыйыныўдың әийемги үлгилери қатарында типологиялық бағдарда қәлиплескен болыўы мүмкин. Буған бир тәрепинен дәстан дөретиўдеги күшли традициялық дәстүрлер тийкар болса, басқа тәрепинен турмыслық жағдайларда усындай мотивтиң турақлы түрдеги талаплары себепши болған. Себеби, адамлар арасында барқулла жақсылық пенен жаманлық бир-бирине қарама-қарсы күш есабында әййемги дәўирлерден берли өмир сүрип киятыр. Жақсылықтың жаманлықты жеңиў идеясы дәслеп қудайлар арқалы иске асатуғын болса, кейин қудайлардың жәрдеминде жерге жиберилген күшли, батыр, ақыллы

адамлар арқалы орынланған. Қарақалпақ фольклорында дәл усындай болмаған менен усыған сыбайлас, солардың бизге жетип келген жаңғырығы дәрежесинде көринетуғын оғада бахала материаллар бар. Ҳәтте бизиң дастанларымызда қудайлар жәрдеминен ғәрезли перзентсизликке қарсы исленген мағлыўматлардың турақлылығын дәлиллеўши эпикалық факторлардың орын алыўы айрықша әҳмийетли. Жоқарыда биз атап өткен «Шәрьяр» дәстанында Шаҳи Дарап хан Дарапшаның ҳәрекетлеринде, айтқан сөзлеринде «Ҳәзирети кәба» түсиниги дәстанға ислам дининиң тәсийри менен енгенлиги даўсыз. Бирақ патшалық липасын таслап, темирден ҳаса қолға алып, темирден геўиш кейип сапарға атланыўында ол өз кеўлиндеги тилеген тилеги өз адамлары арасынан табады. Буған Гүлшараның мына сөзлери мысал бола алады: Бир перзенттиң дағы ушын, бир тырнақтың зары ушын, алтын тахтынан түсип, етек-пешинин кесип, қәлендер сыпатында болып баратыр… Атам ықтиярымды берсе, қәлегениңе тий десе, Шаҳийдарап мени алса, сәўгели яры қылса, ҳақ миясар көрсе… бир кекили алтыннан, бир кекили гүмистен, бир ул менен бир қыз туўып берер едим…». Көрип турғанымыздай Гүлшараның бул сөзлеринде ҳақыйқатлықтан нышан бар ҳәм соң ол өзиниң усы сөзиниң үстинен шығады. Айтайын дегенимиз «Шәрьяр» дәстанында басқа дәстанлардағыдай перзентсиз аталардың әўлийелерге түнеп «Әўлийелерге ат айтып, Қорасайға қой айтып» садақа бериў дәстүрлери ушырасады. Деген менен, оның бундай өзгешелигин қудайлар пайда болмастан бурынғы перзент тилеў дәстүрлерине жатқарыўда қыйын. Өйткени дәрүйшлик тилек тилеў дәстүри адамға қүдирет бағышлайтуғын иләҳий күшлерге исенимлерден әдеўир кейин пайда болған трансформациялық өзгешеликлердиң нәтийжелерин көрсетеди.

Усыларға қарап отырып картайған, жасы жеткен адамлардың перзентли болыўы ушын өзи емес я ҳаялы емес ал олардың өтинишлери бойынша тиккелей жоқарғы иләҳий күшлердиң олардан күнделикли турмысына «араласқан»лығын көремиз. Бул тилек-өтинишлер жоқарғы күшлерге садақа атаў түринде иске асады. Мысалы: «Қоблан» дәстанында әўлийелерден перзент тилеген Қыдырбай менен Бозкемпир «Малын қоймай сояды, Әўлийе қазанға тоймады, тилеги қабыл болмады, сонша малды таўысып, жалғыз тоқлы қалады… «Қыдырбай усы жалғыз тоқлысын ертип жүргенде қой баққан бабаға дус келеди. Оның мәсләҳәти бойынша;

Рәҳим етсе бириўбар,
Қубла бетте қапы бар,
Ашыла қойса сол қапы,
Тилегиң қабыл бир болар.
Сол қапыға кир деди,
Тоқлыңды сойып ал деди,

Ҳәм қазанға сал, деди» [11, 20-б.],- деген тапсырмасы менен ҳәрекет етеди. Аўқат писken ўақытлары ғайыптан бир топар адамлар пайда болып аўқатын жеп-күймегей сениң еңбегиң, қабыл болар тилегиң, Аллаху акбар Баба!» - деп пәтияларын берип кетеди [12, 20-21-бб.] . Усы садақаның пәтиясының тийкарында Қыдырбайдың тилеги орынланады. Усыған уқсас эпизодлар «Ҳүрлиҳа-Ҳәмира», «Зийнеп-Алтынгүл» ҳәм т.б. дәстанларда да гезлеседи. Ал, айырым дәстанларда болса қудайдан бала тилеў дәстүри сақланып, оның гейпара тәреплери өзинше түс алғанлығын көремиз. Мәселен, «Шийрин-Шекер» дәстанында Ўәлийхан патша менен Караман ўәзирдиң ақ сақаллы баба менен ушырасыўы, бабаның екеўине еки алма бериўи ҳәм перзентли боларсыз деп атларына шекем айтып кетиўи дыққат аўдарарлық деталлар. Ең әҳмийетли жери сол, олардың ҳаяллары алмаларды жегеннен кейин ҳәмилели болады [13, 27-б.]. Ал, «Бозуғлан» дәстанында ақ сақаллы баба Дәриўшалы бай менен Ақпан бийге түслеринде алдыларына ақ найза менен шынжырлы әтөшкир таслайды. Бул түсин олар жақсыға жорып үйлерине келгеннен кейин ҳаяллары жүкли болады [14, 16-б.]. «Мәспатша» дәстанында болса Абдикерим бай:

Бир қудайым нәзер салғай бул ҳалға,
Жети ғайып мәқсет-мурады қолла,
Малларым ийесиз қалып баратыр,

Бер қудайым ийе болар бир тулға (Қарақалпақ фольклоры, көп томлық. Х том. «Мәспатша», 21-бет.), деп жалбарынды ҳәм саҳрада жети жаслар шамасында, бири қашып бири қуўып, ылақ ойнап жүрген балаларды көреди. Олар Әбдикәрим байға балаңа ат сатып ал деп жети тиллаға ат сатады. Бай үйине келгеннен кейин уйықлап жатырса баўанағы өзине ат сатқан жети бала түсине енип ҳә, Баба, сен бир тырнақтың дағынан … алты түлик малыңды бағыш еттиң. Жети ғайып деген биз едик налышыңа шыдамадық. Бизиң жарлықаў, қарғаў қолымыздан келмейди, хабар бериў қолымыздан келетуғын еди. Сениң мүтәжиңди айтып қудайдың алдына үш мәртебе бардық. Сен ушын жыладық. Саған жалғанышда перзент жазылмаған екен… Қудай тала сениң көз жасыңды қабыл етти» [15, 23-б] …деген сөзлерди айтады. Биз көрип өткен қарақалпақ дәстанларындағы жоқарғы ғайры күшлерден перзент тилеў дәстүри халқымыздың бурынлы соңғы турмысынан орын алып киятырған көп түрлериниң айырымлары ғана екенлиги гүмансыз. Бирақ усы дәстүрлер өзлериниң тарийхый дәреклериниң тереңлиги жағынан ҳәм халқымыз арасындағы күнделикли турмысқа бурынғы дәстүрлер есабында әбден ийкемлесип қалғанлығынан елеге шекем ири эпикалық шығармалардың баслы түйинлериниң бири болып жүр. Бирақ бул мотивлер қалай болса солай тарийхый әҳмийетке ийе деп айтыў қыйын. Себеби, олар ҳәр дәўирдиң өз талаплары бойынша өзгерислерге ушырап мақсетин, бағдарын түрлендирип идеяластырып көрсететуғынлығын бийкарлаўға болмайды.

Перзентсизлик мотивиниң аталарға түсинде яки оңында алма бериў, ат бериў, яки найза, әтөшкир бериў, бурынғы фетишистлик ҳәм тотемлик исенимлердиң реликантлари болып табылады.

Перзентли балыўдағы бундай эпикалық мағлыўматлар басқа да халықлардың эпикалық дөретпелеринен орын алған. Мәселен: Сибир халықларының эпикалық дөретпелеринде сәўлелениўи тарийхый-мәдений қатнаслардың дәреклерин анықлаўда әҳмийетли. Алманың ҳәмийле дөретиў қәсийети туўралы Сибирь аўызеки дөретпелеринде де сөз етиледи. Онда перзентсиз саўдагер бир жарлы адамның мәсләҳәти бойынша базардан алма сатып алады. Ол сатып алған алмасының жартысын ҳаялына, жартысын бийесине жегизеди. Арадан ўақыт өткеннен кейин оның ҳаялы ул туўады, ал бийеси қулын туўады. Бундай эпикалық параллеллер дүнья жүзи халықларының көпшилигиниң фольклорлық дөретпелерине тән болыўы менен бир қатарда, белгили дәрежеде мәдений қатнаслардың ҳәўиж алғанлығынан дәрек береди.

Әсиресе, этникалық жақтан бир-бирине жақын халықлар араларындағы ўақыялық ямаса мотивлик үлгилесликлер перзенттиң туўылыўына байланыслы эпикалық мағлыўматлар генетикалық әҳмийетке ийе болып, қарақалпақ халқының аўызеки дөретиўшилик орталықта узақ дәўирлерден бери салмақлы орнының қәлиплесип, раўажланып киятырғанлығынан дәрек береди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Қарақалпақ фольклоры, Көп томлық I .Том. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2007-ж.
2. Алпомиш. Ташкент. 1987.
3. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. «Қоблан» 13т. Ташкент «Маънавият» 2009-ж.
4. Батырлар жыры. Алматы. 1963.
5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. «Шәрьяр». Жумабай жыраў варианты. !! том. Ташкент. Маънавият. 2009-ж.
6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. !! том. «Шәрьяр». Қуламет жыраў варианты. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1984.
7. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. !! том. «Шәрьяр». Қуламет жыраў варианты. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1984.
8. Урмангеев Ф. Мотив бездетности в тюркском эпосе // – Баку. 1088 г.

9. Три великих сказании Индии. М. Наука 1978.
10. «Рамаяна». Ташкент. 1978.
11. Қоблан. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. VIII том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1981.
12. Қоблан. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. VIII том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1981.
13. Шийрин-Шекер. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. XVII том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1987.
14. Бозуғлан. Қарақалпақ фольклоры, көп томлық. XIX том. Нөкис. « Қарақалпақстан.1987.
15. Пропп В.Я. Фольклор и действительност. М. Наука.1972.

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада миллий қаҳарманлық дәстанларымызда бийперзентзлик темасы бойынша эпикалық мағлыўматлар ҳаққында сөз етиледи. Дәстанларымызда перзентсиз аталардың ерте дәўирлерден берли ата-бабаларымыздың турмыс дәстүрлеринен орын алып киятырған перзентсизлик мәселесине көзқараслары сәўлеленген. Олардың эпикалық бағдардағы ҳәр қыйлы мотивациялық бирликлерде сәўлеленгенлиги анықланады. Сондай-ақ, басқа да түркий халықлардың соның менен бирге дүнья халықларының фольклор үлгилериндеги перзентсизлик мотивине байланыслы параллеллерди типологиялық салыстырыўлар илимий дәрек сыпатында пайдаланылған.

**РЕЗЮМЕ.** В статье обсуждаются эпические сведения о бездетности в наших национальных героических эпосах. В наших эпосах отражены взгляды бездетных отцов на вопрос бездетности, который с древних времен занимал место в жизненных традициях наших предков. Установлено, что они отражены в различных мотивационных единицах эпического направления. Кроме того, в качестве научного источника были использованы типологические сравнения параллелей, связанных с мотивом бездетности, в фольклорных образцах других тюркских народов, а также народов мира.

**SUMMARY.** The article discusses epic information about childlessness in our national heroic epics. Our epics reflect the views of childless fathers on the issue of childlessness, which has held a place in the life traditions of our ancestors since ancient times. It has been established that they are reflected in various motivational units of the epic direction. In addition, typological comparisons of parallels related to the motif of childlessness in the folklore samples of other Turkic peoples, as well as the peoples of the world, were used as a scientific source.

## «ER SHORA» DÁSTANÍNDAǴÍ QAHARMANLÍQ OBRAZLAR

**Omarova Anar** – *oqıtıwshı*
**Bekbaulieva Feruza**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** doston, jirov, qo‘shiq, jir, botirlik, meros, qahramonlik, dialog, obraz, terme-to‘lg‘ov.
**Ключевые слова:** эпос, сказитель, песня, эпос, героизм, наследие, героизм, диалог, образ, терме-толғау.
**Key words:** epic, storyteller, song, epic, heroism, heritage, heroism, dialogue, image, terme-tolghau.

Milliy mádeniy miyras úlgileri mazmunında sáwlelengen pikirler jas áwládtı ádeplilik estetikasına tárbiylawda oǵada áhmiyetli rol oynaydı. Ǵárezsizlik jıllarında ruwxıy tárbiyanıń ilimiy, pedagogik tiykarların tiklew, usı maqsette bul orında milliy mádeniy miyras hám de úrp-ádet dástúrlerden únemli paydalanıwǵa bolǵan talap kúsheydi.

Sebebi, siyasiy-mádeniy rawajlanıwlarda ádeplilik tárbiyasın rawajlandırıwda da mámleket bas orında bolıwı hám bul ruwxıy fundamentin tiykarlap beriwi ayrıqsha kórsetip berilgen. [1.7b]